

**Ujub Sajrone Tradhisi Mantenana ing Desa Kedungsalam Kecamatan Donomulyo Kabupaten Malang
(Semiotik Struktural)**

Heni Sintia Pratiwi

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
henipratiwi16020114023@mhs.unesa.ac.id

Dra. Hj. Sri Sulistiani, M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Ujub mujudake ukara kang diucapake dening pawongan kanthi ancas ngajatake slametan lan medhar sakabehe wujud asahan kang cumawis. Sajrone jaman modern iki masyarakat Desa Kedungsalam Kecamatan Donomulyo Kabupaten Malang isi tumemen anggane ngugemi tradhisi ujub. Panliten iki salah sijine upaya kanggo nguri-uri kabudayan Jawa mligine ngenani tradhisi ujub sajrone tradhisi mantenana (TM kang ana ing Desa Kedungsalam. Cundhuk karo andharan kasebut underane saka panliten iki yaiku: 1) kepriye wujud ujub sajrone TM ing Desa Kedungsalam, Kecamatan Donomulyo, Kabupaten Malang; 2) kepriye makna simbolik sajrone ujub ing TM; 3) kepriye nilai budaya ujub sajrone TM, 4) kepriye upaya pelestarian ujub sajrone TM. Adhedhasar underane panliten kasebut panliti nduweni tujuwan yaiku: 1) njlentrehake wujud ujub sajrone TM, 2) njlentrehake makna simbolik sajrone ujub ing TM, 3) njlentrehake nilai budaya ujub sajrone TM, 4) njlentrehake upaya pelestarian ujub sajrone TM.

Kanggo ngonceki underane panliten sajrone tradhisi ujub nggunakake teori lan konsep ing antarane, konsep kabudayan saka Koentjaraningrat (2009), konsep semiotik struktural Hoed (2011), konsep nilai budaya Tumanggor (2010), lan konsep nglestarekake budaya Koentjaraningrat (2010). Panliten iki nggunakake ancangan panliten kualitatif kanthi analisis dheskriptif, migine kajian kabudayan Objek kang diteliti tuturan ujub. Instrumen panliten yaiku panliti, pedoman observasi, lan daftar pitakonan. Teknik panglumpukane dhata kanthi cara observasi, wawancara, rekaman, dhokumentasi, lan transkripsi.

Panliten iki nggunakake ancangan panliten kualitatif kanthi analisis dheskriptif, migine kajian kabudayan Objek kang diteliti tuturan ujub. Instrumen panliten yaiku panliti lan daftar pitakonan. Teknik panglumpukane dhata kanthi cara observasi, wawancara, rekaman, dhokumentasi, lan transkripsi. Asil saka panliten iki yaiku wujud ujub sajrone TM ana ing perangan pasang tratag, manggulan, tebus kembar mayang, sembaga, guna kaya, babare sekul jemuk lan buceng robyong, sepasaran. Makna ujub ana ing saben perangan asahan kang cumawis ing slametan. Nilai budaya sajrone ujub yaiku nilai teori, ekonomi, agama, seni, kuwasa, lan solidaritas. Cara kanggo nglestarekake budaya bisa lumantar internalisasi, sosialisasi, lan enkulturasi. Panliten iki dadi wujud panyengkuyung kanggo nguri-uri budaya Jawa supaya ora cures.

Tembung wigati: ujub, tradhisi, mantenana, semiotik struktural.

I. PURWAKA

Masyarakat Indonesia nduweni maneka warna budaya, agama, lan kapitayan kang beda-beda. Maneka warna pambada kasebut ndadekake ciri khas negara Indonesia kang dadi kabudayan nasional. Salah sijine yaiku budaya-budaya kang diugemi dening masyarakat Jawa. Maneka wernane kabudayan ing masyarakat Jawa sejatine adhedhasar wewujudane saka pamikiran manungsa. Kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku saka tembung buddhaya, tembung kasebut mujudake wujud jamak saka tembung budhi tegese yaiku budi utawa akal. Kanthi etimologis, tembung kabudayan yaiku babagan kang sesambungan karo akal (Koentjaraningrat, 1985:9). Asil kabudayan kasebut kanggo ngatur tata laku lan minangka piranti kanggo ngarahake masyarakat ing samubarang tindak tanduk kang sesambungan klawan nilai, norma ing masyarakat.

Nilai-nilai sajrone kabudayan dadi ukurane pranatan masyarakat anggane nata lumakune manungsa ing bebrayan kayata sesambungan antarane manungsa siji

lan manungsa liyane, manungsa lan alam sakiwa tengene, lan manungsa karo Gusti Kang Maha Kuwasa. Saliyane iku nilai-nilai kasebut minangka jati dhiri lan ciri khas saben dhaerah kang dadi lambange bangsa. Sudikan (2001: 4) ngandharake kabudayan Indonesia diperang dadi telung golongan, antarane yaiku: (1) kabudayan nasional, kabudayan iki ditindakake sajroning kantor-kantor pemerintahan, sekolah, universitas, lan kagiyatan-kagiyatan upacara kang asipat nasional, (2) kabudayan dhaerah minangka wujud saka maneka warna kagiyatan panguripan saka para masyarakat suku bangsa sing pathokane saka pranatan sosial kang sumber saka kabudayan suku bangsa, (3) kabudayan lokal, minangka wujud saka masyarakat majemuk, saengga kagiyatan-kagiyatan kasebut pathokane saka pranata-pranata sosial sing sumber ing kabudayan suku bangsa kang ana, sarta oleh pangaruh saka kabudayan nasional. Mula kabudayan gumantung saka pamengku utawa klompok masyarakat ing ngendi kabudayan kasebut ngrembaka

Bebrayan Jawa ing saben olah kridhaning urip isih nindakake ritual-ritual tartamtu. Ritual kang dilakoni dening masyarakat Jawa minangka perangan saka tradhisi kang turun-temurun. Tuladhane upacara-upacara nyurteni dhiri kayata slametan siklus panguripane manungsa yaiku wiwit isih ana sajrone guwa garba utawa mbobot, klairan, kemantenan, lan kepaten. Saliyane iku uga ana upacara adat nyurteni mangsa kayata mapak sasi pasa, suran, muludan, lan sapanunggalane. Upacara-upacara kasebut kagolong budaya lokal kang isih akeh ditindakake dening masyarakat Jawa.

Sakabehe upacara-upacara kasebut kang isih urip, ngrembaka, lan isih ditindakake ing panguripan bebrayan yaiku tradhisi manten. Manten dadi babagan kang wigati sajroning panguripane manungsa. Saliyane dadi babagan kang wigati manten iki uga dadi salah siji tandha ikrar lan lambang sapatemonan antarane penganten lanang lan penganten wadon. Mula ing tradhisi manten iki ana ritual upacara adat kang dilakoni. Salah sijine wujud tradhisi manten sabanjure dicekak TM kang isih kenthel ngenani upacara adate yaiku TM Jawa. Sajroning TM Jawa akeh upacara adat kang kudu ditindakake minangka syarat kanggo miwiti, nindakake utawa ngleksanani, lan mungkasi adicara kasebut. Sakabehe ritual upacara adat kasebut ana salah siji kang mandegani. Lumrahe lakune upacara ritual ora saben pawongan bisa mimpin, pamimpin kasebut kudune mujudake pawongan kang dipercaya, mangerteni lan wis pengalaman. Pawongan kang mimpin saben upacara adat sajrone TM kasebut beda-beda. Pawongan kang mimpin ing babagan seserahan sesajen lan ujuban dipimpin dening tukang ujub kang ana ing desa kasebut. Dene nalika upacara temu manten utawa siraman, midodareni, panggih manten ujuban dipimpin dening dhukun manten. Senajan aran saben adicara beda-beda nanging sejatine pawongan kang dadi pamimpin sajrone adicara TM yaiku diarani *bentuah*.

Manungsa minangka perangan saka kabudayan kang nduweni gegayutan klawan simbol-simbol, jalaran sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa mujudake tandha-tandha kang bisa dimangerteni dening manungsa kasebut. Simbol-simbol kasebut mujudake tandha kang nduweni makna. Makna saka panandha kasebut bisa dimangerteni sajrone sakabehe wujud ubarampe, piranti, lan tata laku sajrone TM. Makna saka tandha-tandha kasebut bisa dionceki kanthi nggunakake teori semiotik struktural. Maneka-wernane tandha kang ana ing TM wiwit saka ubarampe, piranti, lan tata lakune bakal ditinggi kanthi luwih rowa lan jangkep. Mula anggane ngonceki kasebut bakal nggunakake teori semiotik struktural saka Benny H. Hoed. Hoed (2011:5) ngandharake semiotik struktural mujudake semiotik digunakake kanggo ngaji kabudayan. Kanthi semiotik kabudayan minangka sistem tandha kang nduweni sesambungan antarane siji lan sijine kanthi cara mangerteni makna kang kinandhut ing sajrone kabudayan kasebut. sesambungan kasebut asipat konvensional. Mula saku iku semiotik ndeleng kabudayan minangka sistem

tandha saka perangan masyarakat kang diwenehi makna miturut pranatan kang ana lan wis disarujuki.

Panliti milih panliten ngenani makna simbolik ujub sajrone TM jalaran sangertine panliti durung nate ana kang nliiti. Saliyane iku, TM iki nduweni ciri khas kang dadi pambada karo dhaerah liyane. Adhedhasar pangamatan kang ditindakake sajrone panliten iki kepingin ngudal lan mbabar makna simbolik saka ujub kang ana ing TM minangka salah siji wujud kabudayan amrih ora cures lan supaya tansaya ngrembaka. Mula saka iku panliti kepingin medhar wujud ujub, makna saka ujub, nilai budaya, lan cara nglestarekake ujub sajrone TM kanthi nggunakake teori semiotik struktural kang diwedhar migunakake metode panliten deskriptif kualitatif.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah kayata, panliten iki bisa nambahi kawruh lan wawasan ngenani kabudayan Jawa mligine ngenani makna ujub sajrone TM tumrap pamaca, bisa dadi wujud panyengkuyung kanggo nguri-uri budaya Jawa supaya ora cures lan bisa nambahi regenge budaya Jawa lan nuwuhake semangat tumrap para mudha supaya luwih nggatekake kabudayane uga bisa nuwuhake tresnane marang kabudayane dhewe, bisa nambah pangaribawane owah-owahan kabudayan Jawa minangka perangan saka upaya nglestarekake kabudayan ing era global, bisa dadi bahan referensi panulisan panliten kabudayan mligine ngenani ujub sajrone TM.

II. METODHE PANLITEN

Panliten ngenani ujub sajrone TM nggunakake ancangan panliten kualitatif kanthi analisis deskriptif. Sajrone panliten iki nggunakake kajian semiotik struktural saka Hoed (2011: 8) ngandharake yen metodhe panliten semiotik pathokane ana ing paradigma metodologi kualitatif. Panliten iki dilakoni ing Desa Kedungsalam, Kecamatan Donomulyo, Kabupaten Malang kang kalebu papan kang isih ndesa lan papan panggonan kang masyarakate mayoritas wong Jawa saengga isih ngugemi babagan ujub ing sajrone TM.

Sumber dhata primer mujudake sumber dhata kang pokok. Sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku tukang ujub minangka *bentuah* sajrone tradhisi manten, ing antarane yaiku Bapak Siyanto (58 taun) minangka *bentuah* lan dhukun manten lanang sajrone TM ing Desa Kedungsalam, Bapak Asih (65 taun) minangka *bentuah* lan dhukun manten lanang sajrone TM ing Desa Kedungsalam, Bapak Sukamat (65 taun) minangka *bentuah* lan dhukun manten lanang sajrone TM ing Desa Kedungsalam, lan Ibu Sumiyati (54 taun) dhukun manten wadon sajrone TM ing Desa Kedungsalam. Sumber dhata sekunder sajrone panliten ngenani ujub ing TM mujudake sumber dhata panyengkuyung. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku tukang ujub kang ana ing Desa Kedungsalam ing antarane yaiku Bapak Katiyo (65 tahun) minangka tukang ujub kang ana ing Dhusun Krajan Desa Kedungsalam, Bapak Mesenan (62 taun) tukang ujub kang ana ing dhusun Lumbung Desa Kedungsalam. Sakabehe informan primer lan informan sekunder kasebut dipilih

jalaran minangka tukang ujub kang dianggep mumpuni lan paling akeh nduweni titikan kang padha karo syarat-syarat kang kudu diduweni dening tukang ujub.

Teknik pangumpulan dhata mujudake cara panliti kanggo ngumpulake dhata. Teknik pangumpulan dhata ing panliten iki yaiku kanthi nggunakake observasi, wawancara, lan dhokumentasi. Instrumen kang digunakake yaiku pedoman observasi lan daftar pitakonan. Kanggo meruhi dhata kang wis diasilake saka panliten prelu ditindakake keabsahan yaiku: 1) nindakake *trianggulasi*, 2) nindakake *peer debriefing*, lan 3) nindakake *member check and audit trial*. Kapisan, *trianggulasi* ditindakake kanthi patang cara, yaiku *trianggulasi* sumber dhata, *trianggulasi* nggumpulake dhata, *trianggulasi* metodhe panglumpukan dhata, lan *trianggulasi* analisis dhata. Kapindho, *peer debriefing* mujudake proses rembugan asil dhata antarane panliti lan pembimbing. Katelu, yaiku *member check and audit trial* perangan iki ditindakake dening panliti kang ngajak narasumber lan informan kanggo mriksa dhata lan melu nafsirake asil panliten. *Audit trial* ditindakake kanthi mriksa maneh asil panliten karo cathetan lan rekaman saka proses panglumpukan dhata (Sudikan, 2001:169).

III. ASIL LAN DHISKUSI PANLITEN

Bab iki bakal ngandharake ngenani asil panliten kang wis ditindakake. Panjlentrehan asil panliten iki kapunjer saka petang pekara ing antarane, wujud ujub sajrone TM ing Desa Kedungsalam Kecamatan Donomulyo Kabupaten Malang, makna simbolik uba rampe sajrone ujub ing TM Desa Kedungsalam Kecamatan Donomulyo Kabupaten Malang, nilai budaya sajrone ujub ing TM Desa Kedungsalam Kecamatan Donomulyo Kabupaten Malang, lan wujud upaya pelestarian ujub sajrone TM.

A. Wujud Ujub Sajrone TM ing Desa Kedungsalam

Wujud ujuban kang ana sajrone tradhisi manten kasebut ana ing slametan pasang tratag, manggulan utawa bukak tarup agung, tebus kembar mayang, liron kembar mayang, kacar-kucur, babaring pisang raja setangkep, babare sekul jemuk lan buceng robyong, lan pungkasane sepesaran.

a. Wujud Ujub Pasang Tratag Sajrone TM

Pasang tratag mujudake wiwitan saka anane proses pawiwahan ing TM. Pasang tratag iki ditandhani kanthi pasang bleketepe. Bleketepe mujudake godhong klapa kang dianam biyasane kanthi ukuran 50 cmx 200cm. Bleketepe iki nggambarake kawujudan saka anane papan panggonan kang dianggep suci yaiku kahyangane para dewa kang kasebat Bale Ketapi. Wujud ujub pasang tratag ing TM Desa Kedungsalam yaiku:

“Enjang menika Bapak Meseman sakulawarga sami kembul kajad dhumateng sedaya sepuh kabiyantu daya kulawarga namung krana angladosaken rejeki saking pengeran kulu wektu

saking mbumi ingkang mekdal sarining kriya ingkang agung sapaatipun para Nabi, para Wali sedaya ambarokahana dhumateng Bapak Meseman sakulawarga sami. Kalengahan ing dinten Minggu Kliwon niki nyuwunaken barokah anggenipun badhe ngadangi pawiwahan.....” (Bapak Siyanto, Senin 5 Januari 2020).

Ujub kasebut mujudake wujud ujuban pasang tratag. Wilujengan pasang tratag kasebut ditindakake kanthi ancas njaluk barokah anggane ngumpulake sanak sedulur kadang kinasih. Saliyane iku saka anane wilujengan iki uga dadi pandonga supaya nalika nindakake pawiwahan wiwitan, madya nganti paripurna bisa gangsar lan gancar didohake saka billahi pangrencana. Pawiwahan bisa ayem tentrem sakabehe sanak, sedulur, lan sinoman. Mula sakabehe wujud asahan kasebut diaturake kanggo para Nabi, para Wali, leluhur, lan Gusti Allah kanggo njaluk berkah barokah anggane nindakake samubarang kang gegayutan karo adicara pawiwahan. Niyat utama saka anane wilujengan iki yaiku kangge njalukake barokah anggane ngrawat Mbok Sri Sedana lan Jaka Sedana utawa kang kasebut adicara nggungahake beras. Anane adicara nggungahane beras kasebut kanthi pangajab muga-muga sakabehe ubarampe kanggo pawiwahan bisa babar lan cukup bisa tumengkar nganti paripurnane duwe gawe kasebut.

b. Wujud Ujub Manggulan Sajrone TM

Manggulan utawa kasebut mbukak tarup agung iki uga bisa diarani pasar anyar. Wujud ujuban manggulan kaya ing ngisor iki:

“Pangapunten saderengnipun kula dipunuwuni sabiyantu pitulungan kalih Bapa Meseman sakulawarga saperlu ambiyawarakaken saha angiklaraken inggihipun gadhah niat shodaqoh wilujengan...nggih. Saderengipun mangga nyuwun barokahipun Allah kanthi waosan humul quran mugi-mugi barokah safaatipun ambarokahi dhumateng Bapak Meseman sakulawarga ngantos lumampahe dahan kapintuka barokahipun Allah SWT ... Amin. “(Bapak Siyanto, 14 Januari 2020).

Ujuban kasebut mujudake ujuban saka manggulan. Manggulan mujudake babagan bukak tarup utawa bukak pasar anyar. Tembung pasar anyar ing kene nggambarake papan panggonan kang kebak pawongan yaiku dhayoh. Ing ujuban manggulan bisa dimangerteni ancane yaiku kanggo njaluk berkah barokah marang Gusti Allah anggane bakal nindakake pawiwahan kanthi bedhah rangkah lan bukak terop agung. Saliyane iku wilujengan utawa syukuran ing manggulan iki kanggo ngadohake utawa nulak sakabehe panggoda pangrencana lan billahi, kepara malah antuk berkah barokah supaya bisa ayem tentrem lan guyup rukun. Babagan kang dadi pambada ing ujuban wilujengan pasang tratag lan manggulan iki saliyanne saka ancane ana ing bageyan bedhah rangkah lan

nyiram tuwuh nyambung tuwuh. Nyiram tuwuh nyambung tuwuh ing syukuran manggulan iki diwujudake arupa rakitan sega punar. Piguna saka anane nyiram tuwuh nyambung tuwuh ing manggulan iki kanggo nuwuhake sanak kadang saka ngendi wae yaiku *wetan*, *kidul*, *kulon*, *lor* supaya bisa manunggal cipta, rasa, budi, lan karsa saengga bisa guyup rukun.

c. Wujud Ujub Tebus Kembar Mayang

Ujuban tebus kembar mayang iki ditindakake nalika bapa lan biyung saka kaki temanten wis kasil anggone nukokake kembang mayang. Ujuban kasebut kaya ing ngisor iki:

“Kula namung sakdremi nggih menika sambut lampah kula sepindah laku sapindah lan wirasta seklimah pangucape niki mboten kuwaos namung medalaken wedalipun saking wonglingguhi saking toya berkahipun radikala ratu kaleh Sala lan Mentaram nyuwun doa restu menika gadhah tujuan ngrumat nini kemanten lan kaki kemanten mugimugi kinaksenan tumrap sedaya sederek kula sepuh miwah anem sedayanipun senekseni.” (Bapak Asih, 6 Januari 2020)

Ujuban kasebut minangka wujud rasa syukur anggone kasil ngolehake kembar mayang kasebut disyukuri kanthi anane slametan. Slametan kasebut kanthi rakitan sega gurih utawa sekul suci ulam perwita sari lan ingkung sajodho. Sega gurih kanggo ngormati Nabi Muhammad lan nyuwun barokahe supaya kemanten *keloro* bisa ayem tentrem anggone ngayahi urip bebrayan. Ulam ingkung sajodho iki nggambarake temanten kalorone kang bakal oleh pangayoman saka Gusti Allah lumantar anane kembar mayang kang mudhun saka swarga loka. Diajab kanthi anane kembar mayang kasebut kaki kemanten lan nini kemanten bisa oleh pangestu lan pangoman saka Gusti Allah saengga adoh saka rubeda sengkala anggone mangku balewisma.

d. Wujud Ujub Sembaga

Kembar mayang ing sajrone adicara temu manten iki diarani liron kembar mayang. Adicara liron kembar mayang kasebut uga ana ujube kang diarani sembaga. Ujuban kasebut kaya ing ngisor iki:

“Salamualaikumsalam niat ingsun nyalamaken kaki penganten kang wis amimbaraja, salamualiakumsalam cumlorot kang saka *Wetan* putih rupane, cumlorot manunggal sawiji dadiya cahyane pangeran kang maha asih. Salamualaikumsalam cumlorot kang saka kidul abang rupane, cumlorot manunggal sawiji dadiya cahyane pangeran kang maha wikan... (Ibu Sumiati, 15 Desember 2019).

Ujuban ing ndhuwur mujudake ujuban sembaga kang diucapake dening Nyai Sembaga. Ujuban kasebut medharake kembar mayang kang digambarake saka cumlorote cahya. Maneka wernane cahya kasebut

nduweni makna. Cahya kang cumlorot saka wetan kanthi werna putih nduweni makna suci kang nglambangake wiji sejati kang asale saka bapak. Cahya kang cumlorot saka kidul kanthi werna abang nduweni makna gairah kang nglambangake wiji sejati saka biyung. Cahya kang cumlorot saka kulon kanthi werna kuning nduweni makna yaiku kalorone kemanten kang wis dijemukake. Tembung kuning dhewe saka tembung “kun” kang nduweni teges pesthi kedaden amerga wis oleh pangestu saka wongtuwa kemanten sakloron. Cahya kang cumlorot saka lor kanthi werna ireng nduweni makna kang nggambarake kalorone kemanten kang padha seneng. Sakabehe cahya kasebut manunggal dadi siji dadi Cahyaning Pengeran. Makna saka Cahyaning Pengeran iki yaiku nalika wis diwenehi pangestu lan berkah barokah saka Gusti Kang Maha Kuwasa bakal tuwuh wiji sejati kang manjing ing jiwa ragane pinanganten. Saliyane kuwi cahya pengeran iki uga bisa dimaknani minangka pengengeran guwa garba kanggo wadhah jabang bayi.

e. Wujud Ujub Guna Kaya

Guna kaya sajrone TM diarani kacar-kucur. Sajrone kacar-kucur iki ana ujuban kang diarani ujuban guna kaya. Ujuban guna kaya ing TM Desa Kedungsalam ditindakake dening dhukun manten wadon. Adicara iki kalebu rerencenane acara panggih manten. Wujud ujub guna kaya ing TM Desa Kedungsalam kanthi asahan dhuwit, pari, jagung, benguk, lan maneka wernane kacang kayata dele, lan liya-liyane. Ujuban kasebut yaiku:

“Kacar kucur menika dhuwit kawak, pari kawak, benguk kawak, kacang kawak. Sakawak kawake dhuwit pari kawak taksih kawak kaki penganten nini penganten sekaliyan. Kacar kucur menika sanepa pralambang lanapita mugimugi guna kayanipun penganten kakung ingkang wajib tinampi dening penganten pawistri tansah lursuh ndalidir tan ora ana pedhote pinda iline tirta benawi.” (Ibu Sumiati, 15 Desember 2019).

Ujuban kasebut medharake dhuwit lan maneka wernane wiji-wijian kang arupa pari, jagung, bengok, kacang, dhele minangka lambang guna kayane saka garwa lanang. Dhuwit yaiku udune urip ing kacar-kucur nggambarake piranti kanggo njangkung kabutuhane urip. Asil bumi kang arupa wiji-wijian kaya pari, jagung, benguk, dhele, kacang lan liya-liyane minangka kabutuhan kang pokok. Kacar-kucur kasebut nggambarake kwajibane penganten lanang anggone tanggungjawab salah sijine kanthi menahi nafkah marang garwane. Kacar-kucur iki ditindakake dening kemanten lanang kang ngucurake sakabehe ubarampe kang ana dene temanten wadon nadhahi ing ngisore. Grojogan saka sakabehe ubarampe ing kacar-kucur kasebut digambarake kaya iline tirta benawi. Makna saka kucuran kasebut dadi pangajab supaya rejeki saka kemanten sakloron kasebut bisa kaya iline tirta benawi, tegese bisa pikantuk barokah rejeki sing gedhe.

f. Wujud Ujub Babare Sekul Jemuk Buceng Robyong

Slametan babare sekul jemuk lan buceng robyong iki minangka panutup kang ana ing adicara panggih manten. Slametan iki minangka pandonga lan rangkumane saka adicara panggih manten kang wis kalaksanan. Ujuban sajrone slametan babare sekul jemuk lan buceng robyong iki ditindakake dening dhukun manten lanang minangka **bentuah** saka adicara pawiwahan kasebut.

“Satemah karobyon barokahe Allah sageda sepisan dados salami-laminipun saged sakinah, mawadah, warohmah wadunya walakhiroh. Wonten lenggahipun inggih menika dinten pepitu tumahing wanda wonten Minggu Legi ingkang sampun kangge angrengga luwihing pangucara, ingkang manekar rengga denten Ibu Markati pamuji selatan Kaliarsi keparenga nderek anyepuhi...” (Bapak Siyanto, 15 Desember 2019).

Sajrone ujuban kasebut diandharake sekul jemuk yaiku sega punar kanggo njemukake kaki penganten lan nini kemanten. Buceng robyong kanggo sarana njaluk karobyongan barokahe saka Gusti Allah tumrap kemanten sakloron. Slametan iki wujud rasa syukur saka jejodhoane kalorone. Saliyane iku slametan iki uga ngemu pandonga supaya anggone mangku balewisma bisa ayem tentrem diadohake saka panggoda rencana, digampangake rejekine yaiku murah ing sandang, pangan, papan oleh katentreman, bisa dadi kulawarga kang tata, titi, tentrem, kerta harja saking berkahe Gusti Allah. Saliyane barokah tumrap kalorone kemanten sekul jemuk lan buceng robyong iki uga minangka pangajab supaya kalorone besan bisa pikantuk suka raharja mulya dadiya kulawarga kang manunggal.

g. Wujud Ujuban Sepasaran Manten

Sepasaran manten iki ditindakake limang dina sabubare adicara manten. Saperangan dhaerah ana kang ngarani ngundhuh mantu. Ujuban sepasaran manten kaya ing ngisor iki:

“Kula namung sakdremi nggih menika sambut lampah kula sepindah laku sapindah lan wirasta seklimah pangucap niki mboten kuwaos namung medalaken wedalipun saking wonglingguhi saking toya berkahipun radikala ratu kaleh sala lan mentaram nyuwun doa restu menika gadhah tujuan ngrumat nini kemanten lan kaki kemanten mugimugi kinaksenan tumrap sedaya sederek kula sepuh miwah anem sedayanipun senekseni.”(Bapak Siyanto, 24 Desember 2019)

Adhedhasar ujuban kasebut bisa dimangerteni ancas saka anane slametan iki kanggo ngrumat kaki temanten lan nini temanten. Saliyane iku slametan iki kanggo njaluk berkah barokah dhumateng Gusti Allah tumrap kalorone temanten anggone mangku balewisma, urib bebrayan bisa ayem tentrem adoh saka panggoda

pangrencana lan billahi. Kemanten kalorone anggone mangun balewisma, bisa dadi kulawarga kang sakinah, mawadah, lan warohmah. Saliyane iku slametan sepasaran iki minangka pepenget yen suwene anggone jejodhoan wis limang dina, mugya bisa terus antuk katentreman bagya mulya nganti kaken ninen.

B. Makna Ujub Sajone TM ing Desa Kedungsalam

Sakabehe wujud asahan kang ana ing slametan manten wiwit pasang tratag nganti sepasaran manten kang kudu dicawisake yaiku sega golong, sega brok, sega punar, sekul suci ulam sari, buceng, jajan pasar, jenang lima yaiku jenang jenang abang, jenang putih, jenang sepuh, jenang sengkala, jenang bonang-baning, kembar mayang, cok bakal, gedhang raja, gula gimbal grising. Makna saka sakabehe ujuban kang gegayutan karo ubarampe asahan kang ana ing Desa Kedungsalam kasebut diandharake ing ngisor iki.

a. Sega Golong

Sega golong mujudake salah siji rakitan kang mesthi ana ing sakabehe kajad slametan. Sega golong iki dadi tanda supaya kabeh kang ana ing pawiwahan kasebut bisa gumalong karepe lan bisa manunggal budi, cipta, rasa, lan karsa dadi siji manunggal niat.

“Golong lulut nggih menika kanggo mangeruhi mugimugi si A yaiku kemanten lanang kaliyan si B yaiku kemanten wadon sagedta atat-runtut sampun ngantos wonten rubeda menapa mugimugi gesangipun sagedta adem ayem ngantos dados kanen ninen ninen.”(Bapak Sukamat, 19 Desember 2019).

Pethikan kasebut ngandharake anane golong lulut kanggo ngambarake pangajab yaiku muga-muga kemanten sakloron bisa atat-runtut lan akur aja nganti ana rubeda sengkala, adoh saka bebaya lan cedhak saka billahi, mula bisa adhem-ayem nganti kanen-kaken, ninen-ninen.

b. Sega Buceng

Sega buceng kasebut mujudake tandha kanggo nitiki dumadine palakrama kasebut. Sega buceng utawa perangan wong ngarani tumpeng iki dumadi saka beras kang didang dadi sega putih banjur dicithak kanthi wujud lancip lan jejeg. Andharan kasebut laras karo pethikan ing ngisor iki:

“Buceng ujude kayadene krucut, lancip ngadeg jejeg lan kenceng kuwi ngunu ngambarake kekarapan kang diduweni saka kalorone penganten yaiku ngenani niat kang gedhe lan kukuh kanggo manggun kulawarga. Lha angen-angen kuwi uga tuwuh saka wong tuwa kemanten sakloron, anane buceng kuwi ngambarake pengarep-arep supaya kemanten sakloron bisa jejeg anggone mangun balewisma saengga bisa dadi kulawarga kang tentrem lan adem ayem.” Bapak Sukamat (11 Desember 2019).

Wujud buceng kang lancip, jejeg lan kenceng kasebut nduweni makna simbolik yaiku minangka panggajab supaya pikantuk pangayoman kemanten sakloron bisaa jejeg langgeng ayem anggone mangun balewisma lan urip bebrayan. Wujud buceng kang lancip lan jejeg kasebut ngambarake jejege lan kuwate niat kanggo mangun baliwesma kang diduweni kemanten sakloron.

c. Sega Brok

Sega brok kasebut mujudake sarana ndedunga supaya apa kang dadi tujuan ing slametan bisa diembani utawa dibroki dening nyai danyang lan kyai danyang. Sega brok iki mujudake caosan dhahar kanggo Bapa Rina lan Ibu Rina kang menehi gesang ing kala rina lan wengi. Saliyane kuwi sega brok iki uga kanggo wujud panjalukan berkah kawilujengan dhumateng Gusti Allah SWT tumrap pawongan kang bakal nindakake pawiwahan. Babagan kasebut laras karo andharan ing ngisor iki:

“Sekul brok ingkangdipun caosaken dhahar bapa rina ibu rina paring gesang rintan kala dalu nyuwun berkah kawilujengan ingkang dipun broki kaliyan si A (sing duwe kajat) mugi-mugi sedaya kaparinga berkah barokah kaleh Gusti Allah ingkang Maha Kuwasa.” (Bapak Sukamat, 11 Desember 2019).

Adhedhasar andharan kasebut sega brok uga bisa ditegesi minangka sarana kanggo panjalukan pangapura tumrap bumi kang dipanggoni kang wis diregedi lan bakal disuceni.

d. Sega Punar

Sega punar iki ana ing kajadan manten mligine nalika wilujengan manggulan lan panggih manten. Sega punar iki uga sarana kanggo njemukake sakabehe sanak-kadang, para sinoman, kaki kemanten lan nini kemanten. Babagan kasebut laras karo pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Nek sing jenenge sekul punar sekul panjang punjung panjang ilang kuwi tegese sapurnane bocah mau dijodohake, dinikahke muga panjangna nyuswane anggone padha mengku bebrayan dipunjung barokahe Allah, ilanga denda trimalane lan sukertane ditingrat sakabehe. Sega punar kui ya sekul panjang punjung ya sekul panjang ilang iki ya digunakake kanggo nyiram tuwuh ya nyambung tuwuh.” (Bapak Siyanto, Jumat 24 Januari 2020).

Adhedhasar pethikan kasebut bisa dimangerteni sega punar dadi salah sijine ubarambe sajroning nyiram tuwuh nyambung tuwuh. Nyiram tuwuh mau kanggo nuwuhake cipta budi manunggaling karsa atine bocah loro, yaiku kemanten sakloron didadekake siji supaya nalika tuwuh ing bebrayan agung pikantuk barokah tentrem-ayem.

e. Sekul Suci Ulam Sari

Sega suci ulam sari ora liya yaiku sega gurih mujudake sarana kanggo ngormati Nabi Muhammad SAW, saliyanne sarana kanggo wujud rasa kurmat anane sega suci ulam sari iki minangka sarana kanggo njaluk pandonga lan restu anggone nglaksanani pawiwahan supaya bisa kalaksanan kanthi gangsar. Babagan kasebut uga laras karo pethikan ujub kang ana ing ngisor iki:

“Sekul suci ulam sari kanggo ngaweruhi lan ngormati kanjeng nabi pepanutupan awakedhewe yaiku Kanjeng Nabi Muhamad.” (Bapak Asih, 23 Januari 2020).

Adhedhasar pethikan ing nduwur bisa dimangerteni sekul suci ulam sari sajrone slametan digunakake minangka simbol kanggo ngormati Kanjeng Nabi Muhammad minangka nabi panutan kang ana ing agama Islam.

f. Jajan Pasar

Jajan pasar yaiku maneka wernane panganan kang diarani jajanan. Jajan pasar ing slametan sajroning tradhisi manten ana tape kang diungkus nganggo godhong gedhang, kacang godhog utawa kacang goreng kang diungkus nganggo godhong gedhang, krupuk, gedhang, pala pendhem kaya kaspé, tela kang didang.

“Jajan pasar iki kanggo ngormati prawan Sunthine karo Jakakumara. Jalaran ing jaman biyen ki dina iku dhewe, pasaran uga dhewe. Baru kuwi mau diarani wis dirabekake dina kuwi ana gandhengane tuladhane Kemis Pon, Rebo Wage lan liya-liyane.” (Bapak Asih, Kemis 23 Januari 2020).

jajan pasar iki kanggo ngormati prawan sunthi lan jakakumara. Prawan sunthi nglambangake minangka dina pitu, yaiku Senen, Selasa, Rabu, Kemis, Jumrah, Sebdu, lan Ahad. Jakakumara nglambangake minangka pasaran lima, yaiku Kliwon, Wage, Pon, Pahing, Legi. Nalika wis dirabekake dina lan pasaran kasebut gumandheng, mula diarani ana dina Senin Legi, Selasa Wage lan liya-liyane.

g. Jenang Abang lan Jenang Putih

Jenang abang nggambarake getih abang kang asale saka ibu, dene jenang putih nggambarake titisan saka bapak. Mula saka iku makna simbolik saka jenang abang lan jenang putih iki kanggo ngormati titisan saka bapabiyung, kaki-nini, lan para leluhur.

“Anggenipun ngrakit jenang abrit pethak mboten kula wisuci ingkang pethak gaibipun badhe ki kemanten saha ni kemanten saking bapa lan biyunge sak derengipun piyambakipun minggah pasang papan kathah kalepatan kalih sang maha kuwaos.” (Bapak Sukamat, 11 Desember 2019).

Kaloro jenang iki nggambarake titisan saka bapa lan ibu. Jenang abang nggambarake getih abang kang asale saka ibu, dene jenang putih nggambarake titisan saka bapak. Mula saka iku makna simbolik saka jenang abang lan jenang putih iki kanggo ngormati titisan saka bapa-biyung, kaki-nini, lan para leluhur.

h. Jenang Bonang Baning

Bonang-baning mujudake jenang lima pancer tundha pitu kanggo ngormati sakabehe titisan bapa-ibu lan kaki-nini. Rupa bonang-baning sing bening dhewe nduwe makna bening pikire. Saka anane bonang baning iki diajab bisa mbeningake pikire kemanten sakloron, ateges aja nganti buthek jagad pamikiranane. Andharan kasebut laras karo pethikan ujub ing ngisor iki:

“Denten trat jenang bonang baning malih niyatipun menika Bu Wiwit kurmati dhumateng sedherekipun tunda pitu tapake kawan pekara ingkang mangon wonten saktlinge ati tumetes dhumateng jat-jatipun menika badhe ki kemanten saha nini kemanten lan sakanca rencangipun sepindah awit dipunuwunaken ngapura kalih ingkang maha kuwaos...(Bapak Asih, 6 Januari 2020).

Bonang-baning iki uga minangka sarana kanggo njaluk pangapura dhumateng Gusti Allah lan supaya diadohake saka panggodha pangrencana. Saliyane kuwi jenang iki dadi pangajab muga sakabehe sanak-kadang, sinoman kang nyambut gawe melu nyengkuyung adicara pawiwahan kasebut bisa bening pikire lan guyup-rukun ing purwa, madya, lan punane adicara.

i. Jenang Sepuh lan Jenang Sliringan

Jenang sepuh mujudake jenang kang wujud putih ing tengahe diwenehi parutan klapa lan sisiran gula abang. Jenang sliringan wujud antarane separo saka jenang putih lan separo saka jenang abang. Padha kaya jenenge yaiku saka tembung sepuh, jenang iki kanggo ngormati sedulur kang sepuh.

“Jenang palang kang ngaweruhi dulur papat lima pancer ya kiblata papat lima pancer. Ana jenang sepuh ngaweruhi dulure sing sepuh kakang kawah adhi ari-ari. Kamangka manungsa kuwi ana papat yaiku marmati, kakang kawah, adi ari-ari, getih puser. Marmati yaiku dulur kang adoh tanpa wangenan, celak tan sininggolan yaiku ayang-ayang metu bareng budhale bareng...(Bapak Siyanto, 24 Januari 2020).

Jenang sepuh kanggo ngaweruhi dulur sing sepuh, yaiku kakang kawah adhi ari-ari. Manungsa kuwi dumadi saka petang perangan, yaiku marmati, kakang kawah, adhi ari-ari, lan getih puser. Marmati mujudake ayang-ayang manungsa, mula diarani dulur kang adoh tanpa wangenan, celak tan sininggolan. Jenang sepuh kasebut sajrone ujuban dijama karo anane jenang sliringan.

j. Jenang Sengkala

Jenang sengkala iki uga bisa diarani jenang tulak. Tulak ing kene nduweni teges nulak sakabehe rubeda sengkala. Jenang sengkala iki salah siji jenang kang penting sajrone slametan ing panguripane manungsa. Ing panguripane manungsa akeh kaluputan kang dumadi, saka anane jenang sengkala iki dadi sarana kanggo njaluk pangapura saka sakabehe kaluputan, mligine kaluputan Kaki-Nini Kemanten marang wong tuwane. Andharan kasebut laras karo pethikan ujub ing ngisor iki:

“Jenang sengkala mbucala sengkala, mbucala sekalane yaiku sengkalanane nini kemanten lan kaki kemanten kanthi mugi mugi saged paring pangayoman dumateng kemanten kekalih inggih menika Siska lan Bryan.”(Bapak Asih, 6 Januari 2020).

Makna simbolik kang kinandhut ing jenang sengkala sajrone ujuban minangka lambang kanggo mbuwak sengkala kang dumadi saka kaluputane manungsa. Manungsa ing kene yaiku pawongan kang mengku pawiwahan lan kemanten sakloron. Saka anane jenang sengkala diajab bisa adoh saka sakabehe panggodha lan cedhak saka pangayoman saengga bisa ayem-tentrem anggane mangku balewisma.

k. Gedhang Raja Setangkep

Gedhang raja setangkep nggambarake cumbuhe katresnan antarane kemanten sakloron. Lumantar cumbuhe kemanten sakloron kasebut diajab bisa nuwuhake wiji sejati ora liya yaiku keturunan sang jabang bayi. Babagan kasebut laras karo pamawas kang ana ing ngisor iki:

“Cumbuhe katresnan badhe anake paken tangkepe agesang. Tangkepe agesang tuwuha wiji sejati. Tuwuhe wiji sejati tuwuha kakung myang pawistri, menawi dipunjambal lanang lan wadon. Ing benjang penganten kekalih anggenipun bebrayan mugya dipunparingiturun menawi dipunparingi turun menika mugi-mugi kalih mawon kakung lan pawistri.”(Ibu Sumiati, 15 Desember 2019).

Anane gedhang raja iki minangka pandonga tumrap kemanten sakloron anggane ngayuh urip bebrayan bisa diwenehi putri kanthi jangkep, yaiku lanang lan wadon. Anak lanang lan wadon kasebut uga digambarake lumantar gedhang raja kanthi aran mas picis raja brana.

l. Gula Gimbal lan Gula Grisik

Gula gimbal dumadi saka karok utawa karok ketan lan gula kang digoreng ing kreweng banjur dikepeli kanthi wujud bunder-bunder. Gula grisik dumadi saka karok utawa karok ketan kang dicampur karo parutan kambil banjur ciconthongi kanthi nggunakake godhong gedhang.

“Gula gimbal gula grisik kanggo nyumerepi danyang kang menggon ing dhusun Kedungsalam disuwuni pangayoman mbok bilih wonten sedaya

pun tumama mugu-mugi nggih meniki sedaya tolak balak ingkang dipunsejala.”(Bapak Sukamat, 11 Desember 2019).

makna simbolik saka gula gimbal lan gula grisik kanggo nyumurupi danyang kang manggon ing dhusun kang dibroki dening pawongan kang mengku pawiwahan kasebut. Saka anane asahan gula gimbal lan gula grisik kasebut diajab bisa pikantuk pangayoman lan diadohake saka sakabehe balak kang diseja utawa ora diseja.

m. Banyu Kendhi

Kendhi mujudake gegambaraning saka wong tuwa. Kendhi nalika kebak isine kecangking, nalika kosong ora ana isine uga kecangking. Babagan kasebut nggambarake wong tuwa nalika anak bisa njunjung ndhuwur drajate wong tuwa, jenenge wong tuwa saka anak kasebut bakal katut apik, nanging nalika anak kasebut tumindak sembrana drajate wong tuwa uga katut ala.

“Kendhi kuwi mujudake gegambaraning wong tuwa yaiku bek kecangking, nalika kosong ya kecangking. Lak kebek tegese anak sing bisa njunjung ndhuwur drajate wong tuwa ya krana dungane wongtuwa.”(Bapak Siyanto, 24 Januari 2020).

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni saobah-polah tumindake anak jenenge wong tuwa tetep katut. Makna simbolik saka anane kendhi sajroning TM kasebut kinandhut pitutur kang arupa bebaskan yaiku *mikul dhuwur mendhem njero*.

n. Cok Bakal

Cok bakal dumadi saka maneka warna perangane racikan. Racikan kasebut ing antarane gedhang raja, kambil utawa klapa, endhog, kendhi, dhuwit, gula, badheg, jungkat suri, kembang limang manca warna, kinangan, maneka wernane bumbon kayata brambang, bawang, lombok, uyah, lan takir kanthi ukuran cilik kang isenane ana maneka wernane jajan lan asahan kang bakal digunakake kanggo slametan. Jajan lan saben asahan mau diseleh ing takir cilik sithik mbaka sithik.

o. Kembar Mayang

Kembar mayang mujudake ubarampe kang wigati ing sajrone TM mligine nalika adicara panggih manten. Kembar mayang digawe saka godhong andong, godhong puring, godhong ringan, kembang jambe, janur klapa, debog lan anake debog. Kembar mayang iku nggambarake rasa tresna kang padha. Rasa tresna kang padha kasebut nuwuhake kekarepan yang padha yaiku mangun balewisma. Kembar mayang iki uga diarani kembang manca warna kang digawe dening Modin sejati, yaiku Kyai Dampuwang, sing ditebus ana ing pasar Logandheng.

C. Nilai Budaya Sajrone TM

Nilai-nilai kang kinandhut sajrone tradhisi ujub ing Desa Kedungsalam bakal diandharake migunakake teori

saka Tumanggor (2010:142) ngolongake nilai kang ana lan tuwuh sajrone manungsa lan kabudayan, nilai kasebut bisa nemtokake etika lan kapribadene manungsa minangka indhividhu utawa masyarakat. Teori kasebut ing antarane mangliputi nilai teori, nilai ekonomi, nilai agama, nilai seni, nilai kuwasa, lan nilai solidaritas. Teori iki bakal ngonceki kanthi rowa nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone tradhisi ujub. Babagan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki:

a. Nilai Teori

Miturut Tumanggor (2010:142) ngandharake nilai teori mujudake tumindak kang dilakoni dening manungsa kanggo nemtokake samubarang kayata piranti-piranti utawa kadadayan-kadadayan kanthi objektif. Sajrone proses kasebut nuwuhake teori kang dadi konsep kanggo pambiji alam kang ana ing sakiwa tengene. Nilai teori sajrone ujub iki yaiku ngenani teges ujub. Miturut Bapak Siyanto (Jumat 24 Januari 2020), yaiku ngikralake utawa ngandharake maneka wernane rakitan asahan kang wis dicawisake sajrone slametan. Sakabehe asahan kasebut diandharake kanthi apa anane.

b. Nilai Ekonomi

Miturut Tumanggor (2010:142) ngandharake nalika manungsa nduweni tujuwan kanggo nggunakake samubarang utawa kadadayan-kadadayan ana proses pambiji ekonomi utawa diarani piguna, yaiku kanthi nalar *efisiensi*. Ujuban iki kajaba nduweni nilai budaya minangka sarana dedonga lan jejuluk kang digunakake ing masyarakat nalika slametan, uga minangka pangupajiwa, mula pawongan kang ngujubake diarani tukang ujub. Tukang ujub kang ana ing TM diarani Buntuah. Buntuah yaiku pawongan kang dianggep tuwek-tuwekane lan mangku tanggungjawab sajrone adicara ing manten kasebut wiwitan nganti paripurna. Buntuah Kasebut diwenehi imbal balik dening pawongan kang mangku gati.

c. Nilai Agama

Miturut Tumanggor (2010:142) ngandharake nalika manungsa menehi pambiji ing sawijine babagan kang asipat wingit lan ing sajrone ana konsep kasucenan lan pamuji dhumateng Gusti Kang Maha Kuwasa, ing kunu bisa diarani manungsa mangerteni nilai agama. Ujub kang urip lan ngrembaka ing Desa Kedungsalam mujudake salah siji kapercayan masyarakat kasebut. Ujub digunakake kanggo ngandharake apa kang dadi kekarepan lan peangen-angen saka masyarakat. Ancas saka anane slametan iki minangka wujud rasa syukur pawongan kang mangku gati marang Gusti Kang Maha Kuwasa, amarga bisa nindakake kewajiban yaiku kanthi nikahake putrane.

d. Nilai Seni

Nilai seni sajrone ujub kasebut bisa dideleng saka struktur basa kang digunakake. Basa kang digunakake ing ujuban iki yaiku basa Jawa Krama alus. Basa Jawa Krama alus iki dadi salah siji ragam unggah-ungguh basa Jawa kang endah. Basa Jawa Krama iki nggambarake kasopanan kanthi nggunakake basa kang alus. Basa sajrone ujub iki nggunakake basa rinengga kang disusun kanthi apik bisa rumengsep ing ati. Salah siji tuladha ukara

kang nggunakake basa rinengga ing pethikan ujub kasebut yaiku *dipunparingi suka harja basuki rahayu ingkang pinanggih*. Ukara kasebut nuduhake anane nilai estetika sajrone basa kang digunakake sajrone ujub. Kaendahan saka ujub iki uga bisa dideleng saka basa kang digunakake ngandhut purwakanthi guru swara.

e. Nilai Kuwasa

Nilai panguwasa sajrone ujub yaiku nalika tukang ujub medhar saka perangan saben asahan ing pukasane tukang ujub njaluk pangestu para pawongan kang ana ing slametan supaya pawiwihan kang bakal ditindakake bisa lancar tanpa anane alangan lan sengkala. Panjalukan pangestu saka tukang ujub kasebut dikabulake dening para masyarakat kang dititik saka tembung “nggih”. Babagan kasebut nuduhake nilai panguwasa sajrone ujub, slarase jawaban saka para masyarakat kang teka ing slametan ndadekake marem ing atine tukang ujub amerga rumangsa diregani lan disengkuyung apa kang dadi pengajabe kaya kang wis diandharake.

f. Nilai Solidaritas

Sajrone tradhisi manten nilai solidaritas saliyané saka ujub lan slametan bisa dideleng saka sakabehe adicara kang ana ing TM kasebut. Para masyarakat padha nyengkuyung kanthi menehi pitulungan kanggo lumakune adicara, pitulungan kasebut mangliputi anane pambagiyon tugas kayata anane pawongan kang kebagiyon dadi tukang adang, tukang ngracik panganan, tukang nunggu songgongan, peladen, lan liya-liyane.

D. Upaya Pelestarian Ujub Sajrone TM

Nilai-nilai kang kinandhut sajrone tradhisi ujub ing Desa Kedungsalam bakal diandharake migunakake teori saka Tumanggor (2010:142) ngolongake nilai kang ana lan tuwuh sajrone manungsa lan kabudayan, nilai kasebut bisa nemtokake etika lan kapribadene manungsa minangka indhividhu utawa masyarakat. Teori kasebut ing antarane mangliputi nilai teori, nilai ekonomi, nilai agama, nilai seni, nilai kuwasa, lan nilai solidaritas. Teori iki bakal ngonceki kanthi rowa nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone tradhisi ujub. Babagan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki:

a. Internalisasi

Internalisasi mujudake salah siji cara kanggo nglestarike kabudayan dhaerah sing asale tuwuh saka masyarakat kuwi dhewe yaiku asale saka ati lan pamikirané para manungsa. Upaya kanggo nglestarike budaya tuwuh saka anane proses kang dilakoni kanthi cara terus-tumerus krana ana rasa kurang marem. Manungsa mujudake makhluk kang nduwe sipat ora puas, rasa kasebut bakal nuwuhake rasa kapengen mangerteni cara kanggo ngayuh rasa marem kasebut. Sikap lan nilai masyarakat kasebut bisa nuwuhake rasa nguri-nguri utawa nglestarike budaya tartamtu. Wujud upaya kanthi cara internalisasi bisa dideleng saka pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Ujub iki kudu dilestarike, ning carane ya saka niyate dhewe-dhewe sapa sing sir ya kuwi mau. Paribasane aku duwe permen sampeyan tak tawani iki lo ndhuk permen enak, lek samen ora sir, ora minat ya ora gelem. Dadi ya kudu sir kudu niyat. Lha yen sampeyan nglakoni didhasari niyat sing tenanan trus sir tenanan gelem sinau saben dina ya bakal ngrasakake hasile”. Lha gelem nyinaoni wae wis bisa diarani nglestarike mengko yen pancen wis tatag baru dicakake.” (Bapak Mesenan, 22 Januari 2020).

Pethikan wawancara ing nduwur ngandharake cara nglestarike ujuban kuwi diwiwiti saka niyat manungsane dhewe-dhewe. Niyat kasebut kang bakal gawa khasil orane anggone ngupaya kanggo nglestarekake budaya. Nalika manungsa nduweni rasa kapengen mangerteni manungsa kasebut bakal ngupaya kanggo manggerteni babagan kasebut. Salah siji cara kang bakal dilakoni yaiku proses sinau. Niyat sing gedhe bakal nuwuhake asil kang becik saka proses pasinaon kasebut. Proses pasinaon kang ditindakake kanthi cara terus terusan mujudake salah siji upaya kanggo nglestarike tradhisi ujub.

b. Sosialisasi

Wujud sosialisasi kang ditindakake dening masyarakat iki awujud gotong royong kanthi menehi sumbangan pikiran lan tenaga. Saliyané kuwi wujud sosialisasi uga bisa dimangerteni saka kumpule sanak kadang saka ngendi wae kang digambarake saka Wetan, Kulon, Kidhul, Lor lan maneka golongan kang digambarake wiwit sanak sedherek kang wis randha, dudha, somahan, prawan, jejaka, enom, lan tuwa. Kumpule sakabehe sanak kadang kasebut nuwuhake pasrawungan. Pasrawungan antarane masyarakat kang kumpul kasebut mujudake sosialisasi.

“Salah siji cara ampuh sing bisa kanggo nerusake ujub iki ya mbeguru utawa srawung karo pawongan sing wis andal ning dunia ujub. Wes arep piye-piye lingkungan kuwi mempengaruhi. Nggen desane awakdhewe saben-saben slametan apa wae ana ujubane lha gelem ora gelem liyane uga bakal kayangunu wong kuwi wis dadi tatacara saben dhaerah. Lha kuwi salah wis ngambarake lek wong kuwi tertarik mengko bisa mbeguru takon-takon ngunu.”(Bapak Asih, 21 Januari 2020).

Pethikan ing nduwur nuduhake pangerten yen pasrawungan antarane masyarakat kuwi bab kang wigati. Sosialisasi dadai babagan kang penting jalaran sejatine manungsa mujudake makhluk sosial sing ora bisa urip dhewe. Masyarakat mbutuhake masyarakat liyane kanggo mbantu ngelarake perkara kasebut.

c. Enkulturasasi

Upaya kang kudu dilakoni supaya ujub tetep ngremaka yaiku saben-saben nindakake slametan kudu ana

ujuban. Ujuban kang dilakoni kanthi terus-terusan bakal ndadekake ujub kasebut terus urip. Supaya masyarakat gelem nindakake ujub ing slametane mula masyarakat kasebut kudu mangerteni samubarang ngenani ujub mligine pengaruhe ujub ing panguripane manungsa. Mula proses enkulturasi iki nduweni sesambungan kang raket karo sosialisasi.

“Sajane ujub ngunu nduweni sesambungan kang gedhe karo penguripane manungsa, lha nyapo kok bisa kaya ngunu. Saka ujub manungsa bisa luwih ngregani karo barang-barang alus sing ora ketok mata sing manggon di sekitare kita. Anane ujub iki pisan adewe bisa ngerteni sejatine makna slametan kok kudu nindakake slametan kang diterangke kabeh kui maksude ning ujub. Yen kabeh wong bisa mangerteni kuwi kabeh ya jelas wong-wong iki ora bakal ninggalne ujub. Saben-saben slametan ya kudu nggunakake ujub. Dadi ya cara kanggo nglestarekne iki bisa saka saben wong kang nindakake slametan uga kudu nindakake ujub ngunu.”(Bapak Siyanto, 24 Januari 2020)

Pethikan ing nduwur nuduhake salah siji cara kanggo nglestarekake budaya yaiku kanthi dilakoni terus-terusan. Upaya kang kudu dilakoni supaya ujub tetep ngremaka yaiku saben-saben nindakake slametan kudu ana ujuban. Ujuban kang dilakoni kanthi terus-terusan bakal ndadekake ujub kasebut terus urip. Supaya masyarakat gelem nindakake ujub ing slametane mula masyarakat kasebut kudu mangerteni samubarang ngenani ujub mligine pengaruhe ujub ing panguripane manungsa.

IV. DUDUTAN LAN PAMRAYOGA

Sajrone bab iki iki bakal ngandharake asil panliten kang awujud dudutan adhedhasar asil panjlentrehan saka dhata. Saliyane kuwi uga bakal ngandharake pamrayoga adhedhasar asil panliten kanggo para pamaca supaya bisa didadekake bahan referensi lan patuladhan kanggo panulisan sabanjure. Dudutan lan pamrayoga bakal diandharake ing ngisor iki:

a. Dudutan

Masyarakat Jawa nduweni kapercayan kang sesambungan karo babagan tradhisi. Tradhisi kasebut dadi pambada antarane dhaerah siji lan sijine. Kaya dene salah siji tradhisi kang ditindakake dening masyarakat Desa Kedungsalam yaiku slametan kang ora bisa uwal saka anane ujuban. Ujub minangka salah sijine wujud tradhisi lisan nduweni ancas ngandharake sakabehe wujud asahan wiwit saka teges, makna, lan piguna kang ana ing saben perangan. Asahan kasebut minangka gegambarane wujud pepenginan, donga, pengarepan, kang dipasrahake marang Gusti Kang Murbeng Dumadi lan para leluhur kang mbaureksa desa kasebut. Sakabehe adicara slametan kang kagolong ritual ing TM nggunakake ujub. Wujud ujub kasebut ana ing perangan slametan adicara pasang tratag,

manggulan, tebus kembar mayang, sembaga, guna kaya, babare sekul jemuk lan buceng robyong, sepasaran.

Adhedhasar jlentrehan ngenani wujud ujub nduweni nilai-nilai budaya. Nilai-nilai budaya kasebut, yaiku nilai teori kang bisa dideleng saka tegese ujub, nilai ekonomi kang bisa didadekake siji pangupajiwa, nilai agama sajrone ujub yaiku ngupaya kaslametan lan kasampurnan, nilai kuwasa kang bisa dideleng anane panguwasa kang diduweni dening tukang ujub, lan nilai seni sajrone ujub kanthi anane tembung-tembung kasusastran Jawa yaiku purwakanthi guru swara. Akehe nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone ujub kasebut nuduhake yen ujub nduweni piguna kang gedhe tumrap panguripan bebrayan, mula kudu tansah dilestarekake. Upaya kang bisa ditindakake kanggo nglestarekake tradhisi ujub iki bisa lumantar telung cara yaiku internalisasi kanthi wujud *edukasi* kanggo nuwuhake niat nyinaoni ujub, sosialisasi kanthi wujud nurunake tradhisi ujub kanthi manfaatake kemajuan teknologi kaya *youtube*, *facebook* lan liya-liyane.

b. Pamrayoga

Generasi mudha mujudake pondhasine bangsa kang nduweni pengaruh gedhe kanggo mangaribawani kabudayan kang ana. Adhedhasar panliten kang wis ditindakake iki dikarepake bakal tuwuh panliten sabanjure kanthi nggunakake tintingan kang beda. Saliyane iku, kanthi anane panliten kaya mangkene dadi wujud lan bukti anggone nggatekake anane tradhisi dhaerah, iki uga bisa dadi salah siji upaya kanggo nguri-uri kabudayan minangka idhentitas dhaerah lan dadi sarana kanggo menahi wawasan wigatine idhentitas dhaerah lan motivasi para kawula mudha supaya luwih tresna marang kabudayane lan bisa ngecakake nilai-nilai kang kinandhut ing panguripan bebrayan

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2016. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bratawijaya, Thomas. 2006. *Upacara Perkawinan Adat Jawa*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Danesi, Marcel. 2012. *Pesan, Tandha, dan Makna: Buku Teks Dasar Mengenai Semiotika dan Teori Komunikasi*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Endraswara, Suwardi. 2015. *Etologi Jawa*. Jakarta: CAPS.
- _____. 2006. *Metodhe, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Herususanto, Budiono. 2008. *Simbolis Jawa*. Yogyakarta: Ombak.
- Koentjaraningrat. 2010. *Manusia dan Kebudayaan Indonesia*. Jakarta: Djambatan.

Ujub Sajrone Tradhisi Manten Ing Desa Kedungsalam Kecamatan Donomulyo Kabupaten Malang
(Semiotik Strutural)

- Maryani. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Meloeng, Lexy J. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Roesdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradani, Kikie.dkk. 2017. *Ujub Dalam Tradisi Selamatan Masyarakat Di Kecamatan Balongbendo Kabupaten Sidoarjo*. Skripsi. Tidak Diterbitkan.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Metodologi Pendidikan: Kajian Budaya Dan Ilmu Sosial Humaniora Padha Umumnya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rohatiningsih, Mei. 2019. *Makna lan Fungsi Ujub Sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto*. Skripsi. FBS. UNESA. Tidak Diterbitkan.
- Sudaryanto, lan Pranomo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Budaya*. Surabaya: Unesa Unipres- Citra Wacana.
- Sumitri, Ni Wayan. 2016. *Tradisi Lisan Vera: Jendela Bahasa, sastra, dan Budaya: Etnik Rongga*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Supratno, lan Darni. 2015. *Folklor Lisan Sebagai Media Pendidikan Karakter Mahasiswa*. Surabaya: Unesa University Press.
- Suwarni lan Sri Wahyu Widayati. 2015. *Mengenal Sekilas Tradhisi Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Sugiyono. 2018. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Teng, Muhammad Bahar Akkase. 2017. "Filsafat Kebudayaan Dan Sastra (Dalam Perspektif Sejarah" dalam *Jurnal Ilmu Budaya* Volume 5, Nomor 1, Juni 2017, ISSN 2354-7294. Departemen Ilmu Sejarah, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Hasanuddin. Departemen Ilmu Sejarah, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Hasanuddin.
- Tumanggor, Rusmin.dkk. 2010. *Ilmu Sosial dan Budaya Edisi Revisi*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.
- Tim ISBD Unesa. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya:Unesa University Press.